

DAFTAR PUSTAKA

- Atmadarsana. 1956. *Mardawa – Swara*. Semarang: Yayasan Kanisius.
- Padmosoekotjo, S. 1960. *Ngengrengan Kasusastran Djawa I, II*. Jogjakarta: Hien Hoo Sing.
- Pak AR. 1983. *Sekar Macapat I, II*. Yogyakarta: Dinas P dan K.
- Prawiradisastra, Sadjjo. 1997. *Pengantar Seni Tembang*. Diktat. Yogyakarta: FBS, UNY.
- Sri Hastjarja, Gunawan. 2005. *Macapat*. Sukaharja: Cendrawasih.

SEKAR MACAPAT**A. Kompetensi yang diharapkan:**

1. Melagukan dan menguraikan ajaran moral tembang macapat
2. Melagukan dan menganalisis tembang macapat
3. Membuat tembang macapat

B. Indikator:

Setelah pelatihan selesai, diharapkan peserta pelatihan dapat:

1. Menyebutkan nama-nama tembang macapat
2. Menyebutkan aturan tembang macapat
3. Menguraikan ajaran moral budi pekerti dalam tembang macapat
4. Melagukan tembang macapat
5. Membuat tembang macapat

BAB I.
PENDAHULUAN

- A. Judul : Media Sekar Macapat
 B. Tema : Sekar
 C. Topik : Sekar Macapat
 D. Tujuan : Mahasiswa dapat nembang macapat
 (11 sekar) dan tengahan (4 sekar)

E. Materi pokok:

1. Sekar Mijil
2. Sekar Kinanthi
3. Sekar Sinom
4. Sekar Asmaradana
5. Sekar Dhandhanggula
6. Sekar Gambuh
7. Sekar Maskumambang
8. Sekar Durma
9. Sekar Pangkur
10. Sekar Megatruh
11. Sekar Pocung
12. Sekar Wirangrong
13. Sekar Girisa
14. Sekar Balabak
15. Sekar Jurudemung

F. Bentuk Media : CD (*compact disc*). Setiap tembang dilagukan 2 kali.

G. Teknik perekaman : menggunakan program *Sound Forge 6.0*

H. Teknik Evaluasi

1. Latihan mingguan

JURUDEMUNG Lagu Maos PI P Nem

3 5 5 5 5 6 1 1 6 5 .0
 Sang Wi- ku me- sem ling- i- ra,

5 6 1 2 1 6 6 6 5 3 5 3 2 .0
 Mungguh se- su- rup- an ing- sun,

1 1 1 1 1 1 2 3 2 1 6 5 .0
 Layang candra ge- ni i- ku,

5 5 5 5 5 5 3 2 3 5 .0
 Kang am- ba- bar ka- trang- an- nya,

6 6 5 3 5 6 2 2 2 3 1 2 1 6 . 0
 Ing can- dra sang ka- la- ma- u,

1 2 2 2 1 1 2 3 2 .0
 Kang ma- wa ka- ka- win tem bang,

6 1 2 3 5 5 5 6 5 3 2 .0
 Kusu- ma wi- ci- tra lu- hung.

BALABAK Lagu Patranala SI P Sanga

5 6 1 1 1 1 2 3 1 5 3 2 3 5 . 2 3 5 .0
 Byar ra- hi- na Ken Ra- ra wus maring sendhang mawet we,

5 6 1 1 1 1 2 3 1 5 3 2 3 5 . 2 3 5 .0
 Turut mar- ga nyambi re- ramban jangan- an, an-tuke

3 3 5 3 2 1 1 2 3 3 3 3 2 3 5 . 2 3 2 1 .0
 Prapteng wis- ma wusing nyapu a- te- bah, jo- ga- ne.

GIRISA NATAKUSUMAN PI P Barang

2 3 5 6 6 6 6 7 6 5 . 0
Kang wis wruh ra- sa- ning ki- tab,

5 5 5 6 2 3 5 6 7 6 5 . 0
Da- ra- pon si- ra we- ruh- a,

7 7 7 7 6 6 7 5 6 . 0
Wajib mo- kal- ing Hyang Suksma,

6 6 7 5 3 5 6 7 . 0
Miwah wa- jib ing ka- wu- la,

7 6 7 5 3 5 6 7 . 0
Lan mokal- e ka- wruh- a- na,

5 6 6 6 6 6 7 5 6 . 0
Miwah ta ing ta- ta krama,

6 6 6 6 6 7 6 7 2 . 0
Sa- re- ngat di- pun was- pa- da,

7 6 5 6 7 5 6 5 3 2 . 0
Ba- tal ka- ram ta- kok- en- a.

2. Tes tengah semester

3. Tes akhir semester

I. Tindak lanjut

1. Mahasiswa dapat transfer tembang, yaitu melagukan tembang tertentu dalam berbagai syair (*cakepan*).
2. Mahasiswa dapat melagukan tembang pada buku-buku karya sastra berbentuk tembang.
3. Mahasiswa dapat menggunakan kompetensi tembang pada perkuliahan komprehensi tulis, karawitan, ekspresi tulis, dan ekspresi lisan, dan PPL

**BAB II
SEKAR**

A. Pangertosan

Sekar inggih menika riptan, karangan, utawi dhapukaning basa mawi paugeran tartamtu (gumathok) ingkang pamaosipun kedah dipunlagokaken ngangge kagunan (seni) suwanten (Padmosoekotjo, 1960:25). Pangertosan kasebat kadhapauk saking bab-bab ingkang wigatos ing sekar, antawisipun:

1. riptan

Sekar menika riptan. Tegesipun ingkang damel sekar menika tiyang, saged pujangga, guru, pedagang, pak tani, mahasiswa, siswa, utawi sinten kemawon sauger saged saha mangertos caranipun nganggit sekar.

2. paugeran tartamtu

Paugeran sekar sampun gumathok, boten saged dipunewahi. Menawi dipunewahi badhe ngrisak tatanan. Tundhonipun angel dipunsekaraken, boten cocok ngeng, irama, utawi lagunipun. Ugi badhe karepotan menawi tembang dipuniringi karawitan.

3. pamaosipun kedah dipunlagokaken

Pramila kawastanan sekar utawi tembang menawi caranipun maos utawi tutur cakepan mawi dipunlagokaken. Sanajan cakepan menika wau awujud cakepan tembang nanging anggenipun maos boten dipunlagokaken inggih dereng kawastanan nyekar.

B. Sekar Macapat

Wonten pinten-pinten pangertosan sekar macapat.

1. Kathah ingkang mastani bilih sekar macapat menika sekar ingkang anggenipun maos pamedhotanipun sekawan-sekawan wanda. Menawi boten jangkep sekawan-sekawan wanda, urut saking awal gatra kawaos sekawan wanda kalajengaken tirahanipun wanda. Upamipun

WIRANGRONG Lagu Wacana PI P Nem

3 2 3 1 . 3 2 1 5 5 . 0
Den sa- mya mar- sudeng bu- di,

5 6 1 1 . 1 6 1 2 1 2 3 1 2 1 6 5 . 0
Wi- we- ka di- pun was- pa- os,

3 2 3 1 . 3 2 3 2 1 5 5 . 0
A- ja dumeh du- meh bi- sa mu- wus

5 6 1 2 1 2 3 1 6 5 6 5 4 . 0
Yen tan pan- tes u- gi,

4 4 4 6 5 6 5 3 2 3 2 1 . 0
Sana- dyan mung sa- ke- cap,

3 2 1 5 . 5 3 3 2 1 2 3 2 1 . 0
Yen tan pan- tes prenah i- ra.

MEGATRUH Lara Nangis PI P Barang

7 5 6 7 . 7 6 7 5 . 2̇ 2̇ 7 2̇ . 3̇ . 2̇ 7 . 0

Si- gra mi- lir sang gethek si- nangga ba- jul,

7 2̇ 2̇ 2̇ . 2̇ 2̇ 3̇ . 2̇ 7 6 . 5 . 0

Ka- wan da- sa kang nja- ge- ni,

2 3 . 5 5 5 5 5 5 . 6 7 6 . 0

Ing ngar- sa mi-wah ing pung- kur,

2 2 2 2 3 5 . 6 2 . 3 2 7 . 0

Ta- na- pi ing ka- nan ke- ring,

2 3 3 3 3 3 5 . 6 5 3 . 2 . 0

Kang ge- thek lampahnya a- lon.

POCUNG Paseban SI. P. Sanga

2 2 2 2 . 6 6 6 1̇ . 5 5 3 2 . 0

Ngelmu i- ku sa- nya- ta- ne ngel- ti- ne- mu,

6 1̇ 5 2̇ 1 6̇ . 0,

gampang tumrap siswa,

6̇ 1 1 1 . 6̇ 6̇ 5̇ 5̇ . 0

kang tla- ten sre- gep a- ngu- di,

5̇ 6̇ 1 2 . 1 1 6̇ 5̇ 6̇ 1 2 1 . 0

ngu- di ngel- mu- tan- sah nyandhing bu- ku wa- can.

Sekar Pocung

Bapak pocung / dudu watu / dudu gunung / : 4-4-4

Asal saka / Plembang / : 4-2

Ngon-ingone / sang bupati / : 4-4

Yen lumampah / si pocung lem/beyan grana : 4-4-4

E... BAPAK IBU GURU BASA JAWA

MANGGA-MANGGA SAMYA ANGGEGULANG BASA

ALA ELING-ELING ELING GURU BASA JAWA

NGGULANG BASA, SASTRA, LAN BUDAYA JAWA

AMRIH BISA

KUNCARA ING NUSWANTARA

PRA DWIJA PARA GURU BASA JAWA

PRA PUTRA

PARA SISWA SAMYA NGLUHURKEN BUDAYA

Sekar Gambuh

Aja nganti / kebanjur : 4-3

Barang polah / ingkang nora / jujur : 4-4-2

Yen kebanjur / sayekti ko-/jur tan becik : 4-4-4

Becik ngupa-/yaa iku : 4-4

Pitutur ing-/kang sayektos : 4-4

Nanging pamedhot ingkang sekawan-sekawan wanda kalawau nuwuhaken predondi antawisipun lagu kaliyan wanguning suraos. Menawi pamedhotipun ngepas aakhiring tembung boten dados prekawis kadosta ing sekar pocung: *bapak pocung, dudu watu, dudu gunung, asal saka, ngon-ingone, sang bupati, yen lumampah*. Ing sekar gambuh: *aja nganti, barang polah, ingkang nora, yen kebanjur*. Cara

pamedhoting tutur/lagu kados mekaten sinebat pedhotan kendho. Ing pedhotan kendho, eca dipunpirengaken ugi dipunsuraos maknanipun. Kosok wangsulipun wonten pedhotan kenceng. Pedhotan kenceng inggih menika, cara tutur/lagu ingkang medhot wandaning tembung. Upaminipun ing sekar pocung: *si pocung lem-*. Ing sekar gambuh: *sayekti ko-, becik ngupa-, pitutur ing-*.

Wonten pamrayogi amrih eca dipunpirengaken sarta dipunsuraos, cara pamedhoting tutur inglagu maos manut tembung-tembungipun. Lagu maos inggih menika nyekar ingkang boten dipuniringi gending. Nyekar lelahanan kewamon boten mawi iringan musik. Upaminipun:

Sekar Gambuh

- Aja nganti / kebanjur* : 4-3
- Barang polah / ingkang nora / jujur* : 4-4-2
- Yen kebanjur / sayekti / kojur tan becik* : 4-3-4
- Becik / ngupayaa / iku* : 2-4-3
- Pitutur / ingkang / sayektos* : 3-2-3

Cara kasebat namung saged kangge ing lagu maos. Dene menawi dipuniringi gending limrahipun manut irama gending, malah wonten ingkang tetep sekawan-sekawan wanda. Upaminipun ing sekar Sinom Parijotho

- Nulada la-/ku utama*
- Tumrape wong/ tanah Jawi*
- Wong agung ing / Ngeksiganda*
- Panembahan / Senapati*
- Kapati amar-/sudi*
- Sudanen ha-/wa lan nepsu*
- Pinesu tapa / brata*
- Tanapi ing / siyang ratri*
- Amemangun / karyenak tyas / ing sasama.*

PANGKUR Kasmaran P. P Nem

5 5 5 5 3 3 3 3 . 0

Ji- rak pindha mungging wa- na,

3 5 5 5 . 6 1 1 1 1 1 1 . 2 3 2 . 1 . 0

Sayeng ka- ga we rekta kang mu ro- ni,

5 6 . 1 1 . 1 1 . 1 1 . 1 1 . 2 3 1 . 2 . 0

Nyenyam- bi ka- laning ngang- gur,

6 5 5 5 5 5 4 4 . 5 6 5 . 0

Wastra tu- mrap mus- ta- ka,

3 5 5 6 5 . 6 3 2 3 1 1 2 3 3 . 0

Pa- ngi- ket- e wangsalan kang se- kar pangkur

2 3 3 3 3 3 3 . 0

Ba- on sa- bin ing na- wa- la,

1 2 3 5 5 5 6 . 5 3 2 . 1 . 0

Ki- nar- ya langgen pri- ba- di.

DURMA Guntur PI P Barang

3 5 6 7 7 6 7 5 5 5 3 2 .0

Di- pun sa- mi amban- ting sa- ri- ra- ni- ra,

3 5 5 5 5 5 6 7 6 . 5 .0

Ce- gah dha- har lan gu- ling,

2 3 3 7 5 6 6 . 0

Da- ra- pon su- da- a,

6 6 6 6 6 6 5 . 6 . 0

Nepsu kang ambra am- bra,

6 5 3 2 2 3 5 6 . 0

Le- rem- a ing tyas- si- re- ki,

3 1 2 3 2 . 0

Da- di sa- barang

2 2 2 2 7 . 2 7 6 . 5 . 0

Kar- sa ni- ra les- ta- ri.

Pmarayogi:

- a. Menawi sekar macapat kalagokaken kanthi maos, saenipun ngangge pedhotan kendho. Caranipun nglagokaken sekar kanthi lagu maos dipunsebat dhendha kerata.
 - b. Menawi sekar macapat kairing gending (sekar gending), kalagokaken manur wiramaning gending.
2. Wonten ingkang mastani sekar macapat menika sekar ingkang anggenipun maos cepet. Pocapan maca cepet dados macapat. Rehning macapat boten wangun tumrap kaendahaning suwanten vokal, pocapan dados macapat.
- Pemanggih menika inggih kasinggihan awit maos sekar macapat pancen kedah cepet. Ing jaman kraton kerep wonten pinten-pinten macapatan, anatawisipun:
- a. menawi raja nembe sinau bab olah tata kaprajan. Sang raja cekap dhawuh dhateng abdinipun supados maosaken buku-buku karya sastra para pujangga utawi karyanipun sang raja piyambak. Si abdi dalem nyekar, sang saja cekap midhangetaken. Amrih ngelmunipun sakalangkung enggal kathah rinasuk, pamaosipun sekar utawi buku ugi cepet. Menawi alon-alonan, kedangon. Menawi badhe mat-matan boten ing macapatan nanging ing langen karawitan.

b. Macapatan kangge pasamuhan.

Ing pasamuhan upaminipun: wiyosan/kelairan bayi, sepasaran, selapanan, utawi pengetan-pengentan dinten menapa kemawon kadhang kala wonten macapatan. Caranipun maos inggih cepet, supados tiyang sanes kebagean kangge nyekar utawi nedahaken kagunan suwantenipun.

c. Samenika taksih kathah paguyuban macapatan

Upamnipun: ing Hotel Garuda, Sanabudaya, Dalem Kepatihan, RRI Yogyakarta, Yogya TV, Radio Itsa Kalisa, paguyuban macapatan UNY-UGM-Balai Bahasa-Dinas Kebudayaan, lan paguyuban macapatan sanesipun.

Cara pamaosipun ingkang cepet piyambak inggih nalika abdi dalem maos sekar macapat konjuk dhateng sang nata. Dene macapatan ing pasamuhan utawi paguyuban malah kepara kademel mat-matan utawi dipunlaras kanthi larasing manah.

3. Wonten ingkang mastani sekar macapat ugi kawastanan maos sekar ingkang kaping sekawan, kanthi dhasar menika:

- a. maos sekar I : maos sekar ageng sapadeswara (sapada utawi kalih padadirga)
- b. maos sekar II : maos sekar ageng sapadadirga (kalih padapala utawi kalih gatra)
- c. maos sekar III : maos sekar tengahan
- d. maos sekar IV : maos sekar macapat

(narasumber: Kusnadi¹ adhedhasar Mardawalagu)

C. Timbulipun Sekar Macapat

Sekar Macapat sampun wonten nalika jaman Majapahit, nanging sakalangkung enem tinimbang sekar Tengahan. Manut Tedjohadisumarto, sekar macapat karipta dening Prabu Dewawasesa alias Prabu Banjaransari taun jawi 1191 utawi 1269 masehi (Prawiradisastra, 1997:101). Ngantos samenika sekar macapat taksih lestari. Menika nedahakane daya keadiluhunganing kagunan. Menawi boten adiluhung, boten badhe

MASKUMAMBANG Buminata SI Sanga

2 5 6 6 . 6 1̇ 2̇ 1̇ 5 5 3 2 2 . 0
 A- na u- ga e- tang- e-tangan- e ka- ki,

6 1̇ 2̇ 2̇ 1̇ 6 1̇ . 0
 Le- li- ma si- nem- bah,

5 2 2 2 3 5 3 2 1 6 5 . 0
 Du- nung- e sa- wi –ji wi- ji,

1 2 2 2 . 2 3 2 1 6 1 . 0,

Sem-bah le- li- ma pu- ni- ka.

¹ Drs. Kusnadi, M.Pd pengampu mata kuliah Seni Karawitan, dosen Program Studi Seni Tari, FBS UNY

GAMBUH Lala Pi. P. Nem

6 6 6 6 . 5 3 5 6 . 0

A- ja ngan-ti keban- jur,

. . . .

6 5 3 2 . 1 2 3 1 . 6 5 5 6 . 0

Barang po- lah ingkang no- ra ju- jur,

2 1 6 2 . 2 2 2 2 3 1 6 5 . 0

Yen ke- banjur sayek- ti ko- jur tan becik,

2 2 2 2 . 3 1 2 3 . 0,

Be- cik ngu- pa- ya- a i- ku,

3 5 3 2 . 1 6 1 2 . 0

Pi- tu- tur ing- kang sa- yek- tos.

saged lestari. Boten wonten seni budaya ingkang saged lesatri ngantos 10-an abad menawi boten ngandhut daya linuwih.

Antawisipun sekar Tengahan kaliyan Macapat paugeranipun meh utawi sami inggih menika guru gatra, guru wilangan, saha guru lagu. Awit saking menika R. Ng. Poe

rbatjaraka mastani menawi sekar Macapat menika boten wonten. Ingkang wonten inggih sekar Tengahan enem. Dipunwastani sekar Tengahan awit mawi paugeran kasebat. Dipunwastani enem awit nggindakaken basa Jawa enggal. Sekar tengahan limrahipun winastan kidung (Rejomulya, 1998: 15).

Wonten ingkang gadhah pamanggih, badheya kados pundi tetep prelu dipunbedakaken antawisipun sekar ingkang mawi basa Jawi Tengahan kaliyan basa Jawi enggal, sanajan paugeranipun tembang sami (kapriksanana tembang Tengahan Wirangrong, Girisa; rumiyin Gambuh kaliyan Megatruh kalebet sekat Tengahan (Atmadarsana, 1956: 51). Rehning sampun wonten sekar ageng, sekar tengahan, lajeng timbul nama sekar alit utawi sekar macapat.

D. Namaning Sekar Macapat

Satunggaling pamanggih, kangge pengeling-eling sekar macapat (11 sekar) kadidene nggambaraken cakramanggilinganing tiyang (daur hidup), saking lair ngantos pejah. Bab menika namung satunggaling usul, bokmenawi taksih wonten pamanggaihan sanesipun. Sedaya kedah dipunkormati, amrih gampil mangertosipun.

1. Bayi lair nama tembangipun : **mijil**
2. Bayi saya ageng prelu dipunlatih mlampah nama tembangipun : **kinanthi**
3. Tuwuh dados temaja nama tembangipun si enom : **sinom**
4. Menawi enem nandhang asmara, nama tembangipun : **asmaradana**
5. Asmara menika endah, manis, nama tembangipun : **dhandhanggula**
6. Asmara ingkang nyawiji (gambuh) mangun kulawarga : **gambuh**
7. Gesang tansaya sepuh, penggalihanipun dereng menep antawisipun nepsu kadonya lan akherat, maksih kambang-kambang, nama tembangipun : **maskumambang**

- 8. Penggalhipun wiwit condhong dhateng kapentingan uhkrowi
Utawi akherat, nama tembangipun : **durma**
- 9. Yuswa sepuh, penggalhipun saya ngungkuraken kadonyan : **pangkur**
- 10. Tiyang seda menika pegat/pedhot ruhipun/nyawanipuN : **megatruh**
- 11. Mayit dipunbuntel dados pocong : **pocung**

Kathahing pamanggih sekar macapat menika wonten 11 kasebat. Sanajan wonten ingkang mastani 9 (kolom 1) utawi malah 15. Sekar Gambuh kaliyan Megatruh, rumiyin kalebet sekar tengahan. Rehning R,Ng, Ranggawarsita ing anggitanipun ugi ngginakaken utawi nglebetaken sekar Wirangrong, Balabak, Jurudemung, Girisa ing karya kapujangganipun manunggal kaliyan jinis sekar macapat sanesipun (ing satunggal buku), lajeng sekar-sekar tengahan kasebat wonten ingkang nglebetaken ing sekar macapat. Pramila Ki Hardjawiraga (wonten ing Pathokaning Nyekaraken) saha S Tjitrasoma (wonten ing Punarbawa I) merang sekar macapatmenika wonten 15 kados ing tabel 1.1.

Tabel 1. Namaning Sekar Macapat

No.	Ingkang baku macapat	No.	Estunipun sekar teng
1	Mijil	10	Gambuh
2	Kinanthi	11	Megatruh
3	Sinom		-----
4	Asmaradana	12	Balabak
5	Dhandhanggula	13	Wirangrong
6	Maskumambang	14	Jurudemung
7	Durma	15	Girisa
8	Pangkur		
9	Pocung		

Pamrayogi:

Adhedhasar panglimbang:

- 1) kaprahing pangangge. Kathah-kathahipun ing masyarakat mastani bilih sekar macapat menika wonten 11.
- 2) suraos pralambanging cakramanggilinganing gesang manungsa

DHANDHANGGULA Pisowanan SI. P Sanga

2 5 6 6 . 6 1 2 2 2 . 0
 Sas- mi- ta- ne nga- u- rip pu- ni- ki,

2 2 1 6 . 5 6 6 6 6 . 0
 Ma- pan e- wuh yen o- ra we- ruh- a,

6 1 1 1 . 6 6 5 5 . 0
 Tan ju- me- neng ing u- rip- e

5 6 6 6 . 6 6 1 6 . 0,
 a- keh kang nga- ku- a- ku,

5 5 2 2 . 5 6 1 6 2 . 1 6 . 0
 Pa- ngra- sa- ne sam- pun u- da- ni,

2 2 2 2 . 2 2 2 . 0
 Tur du- rung wruh ing ra- sa,

1 6 1 2 . 1 6 5 . 0
 Ra- sa kang sa- tu- hu,

1 2 2 2 . 2 2 2 2 . 0
 Ra- sa- ra- sa- ne pu- ni- ka,

5 3 2 1 6 . 6 6 6 6 6 1 2 2 . 0
 u- pa- ya- nen da- ra- pon sampur- na u- gi,

5 6 1 . 6 2 6 1 . 0
 Ing ka- hu- rip- an ni- ra.

ASMARADANA Bawaraga Sl. P. Sanga

2 2 2 2 2 5 6 6 . 0
Po- ma po- ma we- kas ma- mi,

6 1̇ 1̇ 1̇ . 6 6 5 2 . 0
a- nak pu- tu a- ja le- na,

2 3 2 5 . 3 2 1 6̇ . 0
a- ja ka- tung- kul u- rip- e,

6 1̇ 1̇ 1̇ . 6 6 5 2 . 0,
Lan a- ja du- we ka- rem- an,

6̇ 6̇ 6̇ 6̇ 6̇ 5̇ 5̇ . 0
Marang pe- pa- es do- nya,

2 3 2 5 . 3 2 1 6̇ . 0
Si- yang da- lu di- pun e-mut,

6̇ 6̇ 6̇ 5̇ . 6̇ 1̇ 6̇ 5̇ . 0
Yen u- rip manggih han- ta- ka.

- 3) kaprahing pangange. Kathahipun sekar macapat ingkang kaangge ing masyarakat saha pamulangan umum (limrahipun) inggih 11 kasebat.
- 4) Gumathoking paugeran guru gatra, guru wilangan, saha guru lagu (11 tembang kasebat saemper).

Dudutan: sekar macapat wonten 11 sekar, inggih menika:

- 1) Mijil
- 2) Kinanthi
- 3) Sinom
- 4) Asmaradana
- 5) Dhandhinggula
- 6) Gambuh
- 7) Maskumambang
- 8) Durma
- 9) Pangkur
- 10) Megatruh
- 11) Pocung

E. Paugeran saha Dendha Kerata Sekar Macapat

1. Paugeran Sekar Macapat

Sekar macapat gadhah paugeran tiga, inggih menika:

- a. guru gatra : cacahing larik/gatra saben sapada
- b. guru wilangan : cacahing wanda saben gatra
- c. guru lagu : dhawahing suwanten vokal ing akhir gatra (dhong-dhing).

Ing ngandhap menika racikan paugeran sekar macapat saha tengahan:

Tabel 2. Paugeraning Sekar Macapat

No.	Namaning Sekar	Paugeran
1	Mijil	10-i, 6-o, 10-e, 10-i, 8-i, 6-u
2	Kinanthi	8-u, 8-i, 8-a, 8-i, 8-a, 8-i
3	Sinom	8-a, 8-i, 8-a, 8-i, 7-i, 8-u, 7-a, 8-i, 12-a
4	Asmaradana	8-i, 8-a, 8-e/o, 8-a, 7-a, 8-u, 8-a
5	Dhandhanggula	10-i, 10-a, 8-e, 7-u, 9-i, 7-a, 6-u, 8-a, 12-i, 7-a
6	Gambuh	7-u, 10-u, 12-i, 8-u, 8-o
7	Maskumambang	12-i, 6-a, 8-i, 8-a
8	Durma	12-a, 7-i, 6-a, 7-a, 8-i, 5-a, 7-1
9	Pangkur	8-a, 11-i, 8-u, 7-a, 12-u, 8-a, 8-i
10	Megatruh	12-u, 8-i, 8-u, 8-i, 8-o
11	Pocung	12-u, 6-a, 8-i, 12-a
12	Wirangrong	8-i, 8-o, 10-u, 6-1, 7-a, 8-a
13	Balabak	12-a, 3-e, 12-a, 3-3, 12-a, 3-e
14	Jurudemung	8-a, 8-u, 8-u, 8-a, 8-u, 8-a, 8-u
15	Girisa	8-a, 8-a, 8-a, 8-a, 8-a, 8-a, 8-a, 8-a,

2. Paugeran Anggitan

Kajawi paugeran sekar kados guru gatra, guru wilangan, saha guru lagu, ugi wonten paugeran caranipun nganggit sekar. Paugeran anggitan inggih menika caranipun nganggit sekar macapat. Ingkang magepokan kaliyan paugeran anggitan antawisipun.

a. Baliswara

Inggih menika rerangkening tembung ingkang nyebal saking paugeran awit kangge njangkepi guru lagu. Upaminipun:

- 1) *Anoman sampun malumpat dados Anoman malumpat sampun* (sekar kinanthi gatra kapisan)
- 2) *antut runtut bisa momong dados antut runtut momong bisa* (sekar dhandhanggula gatra 8)

SINOM GINONJING PL. P. NEM

$\dot{1} \quad \dot{2} \quad \dot{1} \quad \dot{2} \quad \dot{3} \quad \cdot \quad 0$
 Ka- ka pra- bu ka- dang ku- la,

$\dot{1} \quad \dot{1} \quad \dot{1} \quad \dot{1} \quad \cdot \quad \dot{2} \quad \dot{3} \quad \dot{1} \quad \dot{2} \quad \dot{1} \quad \underline{6.5} \quad \cdot \quad 0$
 Pa- ran da- ru- na- ning ga- lih,

$\dot{1} \quad \dot{2} \quad \underline{3.2.1} \quad 6 \quad 5 \quad 5 \quad \underline{6.5.3} \quad \underline{2.1} \quad \cdot \quad 0$
 Njeng e- yang ngantos tu- me- dhak

$\underline{6} \quad 1 \quad 1 \quad 1 \quad 1 \quad 1 \quad \underline{2.3} \quad \underline{1.2.1.6} \quad \cdot \quad 0$
 Lir co- cak de- ni- ra pe- ling,

$1 \quad 2 \quad 2 \quad 2 \quad \cdot \quad 2 \quad \underline{2.1} \quad \underline{2.3} \quad \cdot \quad 0$
 Te- ka da- tan gi- na- lih,

$1 \quad 1 \quad 1 \quad 1 \quad 1 \quad 1 \quad \underline{1.2.3} \quad 2 \quad \cdot \quad 0$
 Ka- dos pun- di ka- ka pra- bu,

$3 \quad 5 \quad 5 \quad 5 \quad 5 \quad \underline{6.5.3} \quad \underline{2.1} \quad \cdot \quad 0$
 Ing kar- sa je- ngan- di- ka,

$\underline{6} \quad 1 \quad 1 \quad 1 \quad 1 \quad 1 \quad \underline{2.3} \quad \underline{1.2.1.6} \quad \cdot \quad 0$
 E- yang be- gawan su- ma- li,

$2 \quad 3 \quad 3 \quad 3 \quad \cdot \quad 2 \quad 2 \quad 2 \quad 2 \quad \underline{2.3} \quad \underline{1.6} \quad \underline{1.2} \quad \cdot \quad 0$
 Prami- la- nya dhawuha- ken pa- ngan- di- ka.

KINANTHI MANGU SL. P. SANGA

5 6 1̇ 1̇ 1̇ 1̇ 1̇ 6̇ 1̇ 2̇ . 0
 Pa- dha gu- lang- en ing kal- bu,

1̇ 6 5 5 5 6 5 . 3 2 1 2 1 . 6 . 0
 ing sas- mi- ta a- mrih lan- tip,

1̇ 2̇ 2̇ 2̇ 1̇ 1̇ 1̇ 2̇ 1̇ . 6 5 . 0
 a- ja pi- jer ma- ngan nen- dra,

5 5 5 5 . 6 2 1 6 2 . 0,
 ka- pra- wi- ran den- ka- es- thi,

2 3 5 6 6 1̇ 5 . 3 2 1 . 2 1 . 6 5 . 0
 pe- su- nen sa- ri- ra- ni- ra,

5 6 1 1 1 1 1 6 2 . 1 . 6 . 5 . 0
 ce- gah- en dha- har lan gu- ling.

b. Daya sastra

Daya sastra inggih menika ngicali akrara irung (hanuswara) kangge njangkepi guru wilangan. Daya sastra limrahipun dumados ing sekar macapat seratan Jawi.

sem\guguk/ nbD;b`stTekdLru`,
 ket`<g\><w`><hdn/
 bluxusTnWU[?hi`hisin/
 l?rskN<yP[<pT`wisMtkHj\.

‘Semar (ng)guguk, nabda: bangsat teka dlarung,
 Ketanggor wong nekad,
 (m)baludhus tan wruh ing isin,
 Lah rasakna yen prapteng wisma tak ajar.

c. Plutan

Plutan inggih menika ngringkes tembung kangge ngirangi guru wilangan. Upamnipun: seru --> sru, melas --> mlas, liyan --> liyan, weruh --> wruh

d. Wancahan

Wancahan inggih menika ngicali wanda kangge nyuda guru wilangan. Limrahipun wanda ngajeng ingkang dipunicali. Upamnipun: agung --> gung, ingkang --> kang, aywa --> ywa.

e. Uluran

Uluran menika kosok wangsulipun plutan kaliyan wancahan. Menawi plutan saha wancahan kangge ngirangi guru wilangan, dene uluran menika kangge nambah wanda. Caranipun kanthi nambah ater-ater /a/, /ma/ utawi /hanuswara: nya, ma, nga, na/. Upamnipun:
 nangis --> anangis
 ngetan --> mangetan
 mijiki --> hamijiki

f. Sandi utawi garba

Sandi utawi garba inggih menika manunggalaken kalih tembung ingkang mahanani luluh utawi ewahin aksara swara (vokal). Ginanipun kangge ngirangi guru wilangan saha damel endah basa susastra. Upaminipun:

nara + iswara --> nareswara

ratu + agung --> ratwagung

lebda + ing --> lebdeng

g. Sandiasma

Sandiasma inggih menika asmanipun panganggit ingkang dipunsingitaken ing salebeting sekar. Sandiasma saged mapan ing awal pupuh, awal pada, awal gatra, pedhotan, wanda awal tembung, gatra, akhir gatra.

Upamanipun: Sekar Dhandhanggula (ing Serat Aji Pamasa)

RA-cikaning sarkara kaesthi,

DEN-nya kedah memardi mardawa,

NGA-yawara puwarane,

BE-la belaning kalbu,

I-nukarta niskarteng gati,

RONG-as rehing ukara

GA-garanirantuk,

WAR-ta wasitaning kuna,

SI-nung tengran, "sembah trus kaswareng bumi"

TA-litining carita

h. Sengkalan

Sengkalan inggih menika tetenger taun ingkang sinawung ing tembung-tembung salebeteing sekar. Kados ing sekar dhandhanggula kasebat wonten sengkalan "sembah trus kaswareng bumi". Tembung sembaH = 1, trus = 9, kaswareng = 7, bumi = 1. Caranipun nyusun angka dipunwalik. Sengkalan sembah trus kaswareng bumi = 1791

TEMBANG CD 1

MIJIL Wedharingtyas PI P Nem

5 5 5 5 . 1̇ 2̇ 2̇ 2̇ 1̇ 6̇ 1̇ 2̇ . 0

Dhek sa- ma- na du- rung a- na mi- jil,

6 1̇ 1̇ 1̇ 2̇ . 1̇ 6̇ 5̇ . 0

Pangkur miwah si- nom,

2̇ 2̇ 1̇ 6̇ 1̇ 2̇ 5 6 2 2 1̇ 6̇ 1̇ 2̇ 1̇ 6̇ . 0

Dhandhang- gu- la po- cung kinan- thi- ne,

6 1 1 1 . 1 1 1 1 1 6̇ 1 2 1 6̇ . 0

Gambuh mega-truh la- wan mas kin- tir,

5 6 1̇ 2̇ 5 6 4 5 . 4 2 . 0

Du- rung a- na la- ir,

6 1 1 1 1 2 . 1 . 6 5 . 0

Ka- beh tembang ki- dung.

No.	Sekar	Sasmita	Watak	Ginanipun
1	Mijil	Ngangge tembung wijil, mijil, metu, miyos	Asih, prihatin, pangajab	Mulang tiyang ingkang nembe prihatin, mulang kebak rasa asih
2	Kinanthi	Ngangge tembung kanthi, kinanthi, kekanthen	Seneng, asih, kasmaran	Mituturi, pratelan tresna, gandrung, mulang
3	Sinom	Si enom, mudha	Ethes, kenes	Mulang, nggambarake kelimpatan
4	Asmaradana	asmara	Tresna, sedhah, sengsem	Mahyakaken tresna, kasmaran
5	Dhandhanggula	Sarkara, langking, manis	Luwes, gembira, endah	Mbuka sekar/serat, menapa kemawon cocok
6	Gambuh	Tembang-tembang jumbuh, gambuh,	Sumanak, sumadulur	Mulang, mituturi
7	Maskumambang	Kambang-kambang, kintir, keli	Nelangsa, ngeres-eresi, sedhah	Mahyakaken raos panalangsa utawi sedhah
8	Durma	Mundur	Keras, nepsu, semangat	Tiyang nesu, perang,
9	Pangkur	Mungkur,	Sereng, nepsu, gandrung	Pitatur radi srengen, gandrung
10.	Megatruh	Pegat, uwal	Prihatin, getun, keduwung, sedhah	Cariyos sedhah, prihatin, nelangsa,
11	Pocung	Kluwak nom-nomane	Sembrana parikena	Cangkriman, lelucon, guyon
12	Wirangrong	Mawi tembung wirang, rong	wibawa	Mahyakaken keagungan, kawibawan, piwulang
13	Balabak	Kabalabak, keblebek	Sembrana, saenake, lucu	Sembrana, guyonan
14	Girisa	Tembang giris, wedi,	Gagah, wibawa, wanti-wanti	piwulang
15	Jurudemung	Mawi tembung juru, demung	Kenes, kasmaran	Cocok kangge mancing asmara


F. Dhendha Kerata

Caranipun nyekaraken/nglagokaken sekar macapat winastan dhendha kerata. Tegesipun cetha, las-lasan, lugu, bares, saha prasaja, boten kekathahen luk, cengkok, wilet, awit kedah ngengeti suraosing sekar ingkang nembe kawaos (Pak AR, 1981:1).

1. Andhah saha anung swara

Andhah swara inggih menika luk suwanten ingkang kadhawahaken ing wanda pungkasan gatra. Dene anung swara inggih menika luk suwanten ingkang kadhawahaken ing satunggal wanda saderengipun pungkasaning gatra. Upaminipun:

Memanismu angujiwat  andhah swara

Memanisme anguji  anung swara

2. Pedhotan

Pedhotan wonten kalih inggih menika pedhotan kenceng kaliyan kendho. Pedhotan kenceng inggih menika nglagokaken sekar kanthi medhot wandha ing tembung. Pedhotan kendho inggih menika nglagokaken sekar kathi medhot asoning napas ing pungkasaning tembung. Upaminipun:

Sekar Kinanthi

Kang aran – bebuden luhur	(3-5) pedhotan kendho
Dudu pangkat – dudu ngelmi	(4-4) pedhotan kendho
Uga dudu – kapinteran	(4-4) pedhotan kendho
Lan dudu pa- ra winasis	(4-4) pedhotan kenceng
Apa maneh – kasugihan	(4-4) pedhotan kendho
Nanging mung su- cining ati	(4-4) pedhotan kenceng

3. Andhegan

Yen pedhotan menika mapan wonten ing tembung, dene andhegan menika mapan ing pungkasaning gatra. Andhegan wonten tiga:

- Andhegan wantah: asoning napas ing pungkasaning gatra dereng sampurna awit suraosing gatra dereng jangkep. Limrahipun andhegan wantah dumadi saking gatra-gatra.
- Andhegan alit: asoning napas ing pungkasaning gatra sampun sampurna awit suraosing gatra sampun jangkep, naning dereng dumugi akhi pada. Limrahipun andhegan alit dumadi saking pinten-pinter gatra saderengipun gatra.
- Andhegan ageng: asoning napas sampun sampurna ing pungkasaning awit suraosing pada ugi sampun jangkep. Limtahipun andhegan ageng dumadi saking setunggal pada.

Sekar Sinom

Tabel 3. Andhegan

<i>Memanismu angujiwat, agawe sengseming ati.</i>	andhegan wantah andhegan alit
<i>Ngrerepa kang sinedya, upama mundhuta rukmi.</i>	andhegan wantah andhegan alit
<i>Tartamtu takturuti.</i>	andhegan alit.
<i>Ibarat wong numpak prahu, lumampah tanpa welah, ing madyaning jalanidhi.</i>	andhegan wantah andhegan wantah andhegan walit
<i>Temah gonjing angkin jroning pagulingan.</i>	andhegan ageng

4. Padhang saha Ulihan

Andhegan wantah limrah sinebat padhang awit dereng purna, suraosipun dereng jangkep. Dene andhegan ageng winastan ulihan, suraosipun sampun jangkep. Padhang mapan wonten ing pungkasaning gatra, ulihan mapan ing pungkasaning sabeletin gatra utawi pada.

Tabel 4. Padhang saha ulihan

<i>Memanismu angujiwat, agawe sengseming ati.</i>	andhegan wantah andhegan alit	padhang ulihan
<i>Ngrerepa kang sinedya, upama mundhuta rukmi.</i>	andhegan wantah andhegan alit	padhang ulihan
<i>Tartamtu takturuti.</i>	andhegan alit.	ulihan
<i>Ibarat wong numpak prahu, lumampah tanpa welah, ing madyaning jalanidhi.</i>	andhegan wantah andhegan wantah andhegan walit	padhang padhang ulihan
<i>Temah gonjing angkin jroning pagulingan</i>	andhegan ageng	ulihan

5. Wirama

Wirama ing sekar macapat asipat merdika, boten ajeg. Tegesipun panyekar bebas/mardika nyekaraken trep kaliyan raos kaendahan, andhegan, andhah, anung, trep kaliyan titi laras, pedhotan, lsp.

6. Rerengganing Wirama

Rerengganing wirama wonten:

- Wilet : variasi titi laras ing pangolahing cengkok
- Cengkok : rerengkening titi laras kangge ngolah lagu
- Lagu : andhap inggil, panjang pendek suwanten trep kaliyan titi laras
- Luk : andhah swara saha anung swara
- Gregel : luk ingkang cepet (trill)
- Sliring : mineur, vals, nyimpang saking skala nada.

G. Watak, Sasmita, saha Ginanipun Sekar Macapat

Saben-saben sekar macapat gadhah watak piyambak-piyambak. Saben sekar ugi gadhah manfaat piyambak-piyambak.